No. 44 13 December 1929 Taoen 9.

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholiek

1 taoen . . . f 7,50 } njoewoen kabajar roemijin.
1/2 „ . . . f 3,75 }

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.

Drukkerij „Canisius” Djokja.

ISINIPOEN:

Goemoen—Soemangga toemandang—Keselipoen tijang njamboet damel—Panggoela-wentahing bangsa wanita—Idjab ingkang dèrèng oemoer — Djagi poera — Nasib — K. W. Semarang — Kring Bandoeng — Rembagipoen Garèng lan Pétroek—Ontjèn sekar gambir melati—Kagoenan—Oerap-sari.

GOEMOEN.

Saking panginten koela: mila Goepermèn ngwontenaken „Commissie voor de Volkslectuur” poenika soepados toemoet anggoela-wentah dateng para kawoela (volksopvoeding). Nanging sadjatosipoen teka malah moelangi awon dateng tetijang; tandanipoen katah boekoe² wedalan Volkslectuur ingkang saroe², kadosta njandra tijang gandroeng lan remenan lan sapanoenggilanipoen. Manawi mendet toelada ingkang taksih énggal, kadosta ingkang kamoting „Kedjawèn angka 87 tg. 30 October lan angka 88 tg. 2 November 1929, tjarijosipoen Sirwènda lan Djanoerwènda.”

Bokmanawi wonten ingkang moengel, bilih Volkslecuur kedah nétral, tegesipoen boten anggepok agami. Poenika koela tjotjog, ananging sanadjan nétral pisan, boten anggepok agami, meksa kedah nglenggahi kasaénan. Basa ingkang saroe - saroe poenika dédé kasaénan. Tijang oetawi laré dipoentjarijosi ingkang saroe² poenika dédé kasaénan. Tijang oetawi laré dipoentjarijosi ingkang saroe-saroe poenika boten badé mindak saé, nanging badé dados awon.

Mila jèn Volkslectuur badé toemoet anggoela - wentah dateng kawoelaning negari (Volksopvoeding) sampoen ngedalaken boekoe ingkang saroe-saroe, doemèh saé temboeng oetawi oekaranipoen. Oepami kapeksa ngedalaken boekoe ingkang pantjèn wonten ingkang saroe - saroe, inggih dipoenbesoet, dipoenitjali saroe-saroenipoen roemijin. Déné jèn saroe-saroe dipoenanggep „opvoeding” la kedjawi! ! ! ! ! sampoen boten kénging dipoenrembag.

J. K.

SOEMANGGA TOEMANDANG.

Toemandang poenapa? Para sadèrèk sampoen priksa, sepinten dajanipoen piawon, sapinten dajanipoen serat², boekoe², dados sepinten dajanipoen serat oetawi boekoe² awon. Kita ingkang antjasipoen nedya adamel saéning djagad, poenapa ladjeng badé kèndel kémawon, manawi djagad badé dipoenelebi serat oetawi boekoe ingkang awon.

Soemangga sami ènget: Sapa sing bisa nekem lajang - lajang kabar (boekoe-boekoe), mesti ija bakal bisa nekem wong sadjagad. Dados saoepami serat-serat lan boekoe-boekoe waoe awon, poenapa djagad badé dados saé?

Mila sampoen koewadjiban kita nanggoelang serat ingkang nenoentoen dateng piawon, ngalang-alangi ngrebdanipoen poen oepasing djagad, inggih boekoe awon. Déné kadospoendi sagedipoen toemindak, sebab serat waoe sampoen ngambra-ambra soemrambah ing sadjagad, langkoeng-langkoeng ing djagad Djawi? Ambèngkas babar pisan temtoe badé boten saged oetawi angèl sanget, ananging menggak lan ngrendetaken soemebaripoen saged, sarana damel boekoe saé, ladjeng kasebaraken, soepados kawaos ing para tijang.

Pramila kanggé kita Katholiek Djawi perloe sanget lan betah dateng boekoe-boekoe saé, boekoe warni - warni, ingkang moerakabi gotrah Katholiek. Poenapa poenika badé gampil toemindakipoen? Sinten ingkang badé ngajati?? Rama pastoer? Inggih pantjènipoen, sebab poenika sampoen nama dangoe lan inggil pangoedinipoen seserepan, prasasat moempoeni kawroeh, penoeh ngèlmoe mantja warni; dados jèn poenika ingkang njalirani, boten badé koetjiwa. Ananging kawoeningana, para sadèrèk, pinten tjatjahipoen pastoer Djawi?? Saweg sakedik sanget, toer sampoen kawraten pandamelan katah, matoempa - toempa, dados manawi badé ngasta poenika temtoenipoen boten kober. Poenapa badé ngentosi béndjing jèn sampoen katah? Lah béndjing poenapa poenika? Sinten ingkang menangi? Koela sampéjan bokmanawi boten, Poetra wajah, tjanggah warèng? Manawi dipoensrantosaken makaten poenika, piawon sampoen ngojod, kasèp laloe, angèl sanget pambéngkasipoen.

Pramila soemangga dipoenwiwiti sapoenika kémawon; lah inggih satindakipoen roemijin, sagajoek-gajoekipoen roemijin, sasampoena wonten ingkang ada - ada, lah ing béndjing namoeng kantoen neroesaken kémawon. Miwiti poenika nama rekaos, ananging inggih boten dados poenapa; sebab mangké manawi namoeng dipoenrembag kémawon, boten badé poetoes-poetoes.

Kita Katholiek Djawi betah sanget waosan saé, mangka waosan dèrèng katah.

Kados - poendi sapoenika anggènipoen kedah ngadani poenika? Ingkang sampoen koela soemerepi ingkang badé ngarang boekoe poenika ragi kadoeng, tegesipoen awis-awis ingkang medal pamanahanipoen pijambak. Kita boten soesah ngarang pijambak (jèn saged langkoeng oetami), ananging mendet boekoe saking basa sanès, ladjeng kadjawèkna, poenapa malih boten kirang boekoe saé ingkang tjotjog kalijan pamanahan Djawi.

Saking pangadjeng - adjeng koela sageda kaleksanan idam-idaman makaten poenika, ladjeng saking sakedik saged ngitjali boekoe-boekoe, ingkang namoeng badé moelang awon kémawon dateng para tijang. Woesana soemangga. *S. S.*

PRADJA RAHAJOE.

Keselipoen tijang njamboet damel.

Toemrap para djempol-djempolan ingkang ngrembag pradja rahajoe, prakawis keselipoen tijang njamboet damel poenika inggih dados memanahan.

Angger tijang temtoe sampoen ngalami pijambak: otot poenika manawi mentas kanggé, ladjeng kraos kesel. Oepami pandjenengan awis-awis angkat - djoendjoeng, ladjeng kapeksa mindah lemantoen ageng, mangké rak kraos kesel, nanging keselipoen waoe boten dangoe noenten itjal, béndjing jèn kapoerih ngangkat malih, inggih poeroen.

Dados mitoeroet kawontenan ing nginggil poenika, kesel poenika manawi madya, kados salimrahipoen, kekijataning otot saged poelih malih. Ingkang kados makaten poenika boten dados rembag.

Ingkang dados rembag poenika njoemerepi watesipoen, oetawi ngertos dangoenipoen njamboet damel, ladjeng saged moengel: Wis, ora kena loewih, saiki ngaso.

Poenika prakawis angèl, awit jèn manoet roemaosing manah, pamawasipoen gampil klintoenipoen. Tijang poenika manawi kapoerih njamboet damel, mangka pandamelan adjeg sami kémawon oepami nglinting rokok lsp. poenika roemaosipoen énggal kesel, wewahwewah jèn kanti manah kirang seneng. Sareng ngetjakaken pandamelan ingkang langkoeng awrat ngantos dangoe, nanging dados kasenenganipoen, sampoen kesel, ngakenipoen dèrèng kesel.

Ingkang masti watesing kesel poenika anger tijang: béda, mawi-mawi kawontenaning badanipoen.

Inggih margi boten gampil ngertosipoen poendi watesipoen kesel limrah, poenika moeroegaken wonten katjilakan. Ingkang kerep-kerep sampoen nglontjok ing wates, saweg kémawon ngertos, nanging sampoen kasèp, tjara gandéwanipoen kapentang makaten sampoen njwara mak-krepek. Kanggé andjemparing boten saged lepas.

Toemrapipoen tijang, kesel langkoeng saking madjad poenika saged andadosaken klijeng - klijeng, ngengleng, éwah. lsp.

Amrih sampoen kepandjangen atoer koela, ingkang moeroegaken kesel poenika koela tjekak, kadosta 1e. kiranging padang. Poenika saged njoeda 20 persèning dajaning njamboet damel. Margi kirang padang, mripat dados kesel langkoeng saking ngadat, woesana andjalari sakit ngeloe.

2e. kiranging hawa saé. Jèn tijang katah njamboet damel wonten ing kamar, mangka kamar waoe tanpa mawi tjandéla ngantos hawa ing ngrikoe dados bosok (kekatahen koolzuur, kirang zuurstof) tetijang waoe panjamboetipoen damel tamtoe énggal kesel.

3e. kekatahen swara. Jèn wonten tijang kedah njamboet damel, mangka kebrebegen swaraning montor lsp. poenika panjamboetipoen damel, soepados tanpa lepat, kedah langkoeng dipoen-gatosaken, mila ladjeng moeroegaken énggal kesel.

4e. pandamelan ingkang adjeg sami kémawon poenika oegi ngénggalaken kesel, boten amargi mboseni (oepami madoeng), nanging margi wongsal-wangsoel otot-otot ingkang kanggé adjeg sami kémawon.

5e. kirang sreging papan ingkang kanggé linggih oegi ngénggalaken kesel.

6e. kedangon panjamboetipoen damel moeroegaken langkoeng kesel.

Taksih wonten panoenggilanipoen prekawis inggih moeroegaken énggal kesel. Sanadjan ingkang koela rembag bab keseling tijang ingkang berah, kénging oegi katoemrapaken dateng laré pamoelangan lsp.

Djempol-djempolan ingkang magepokan kalijan pabrik lsp. koela atoeri manggalih prakawis poenika sarembag kalijan toewan pabrik. Jèn toewan pabrik nalar, temtoe malah bingah, djalaran berahipoen waras-waras. *Poen P. D.*

LARASATI.

PANGGOELA-WENTAHIPOEN BANGSA WANITA.

Prakawis poenapa ingkang prajogi kasoemerepan déning para pandidiking wanita, sampoen koela atoeraken ing Sw. Tm. minggoe kapengker, inggih poenika wonten sekawan:

1. Wanita badé njepeng tek-kliwering grija.
2. Wanita badé dados bijoeng lan moelasara anak.

Poenika sampoen koela rembag ing Sw. Tm. minggoe kapengker. Sapoenika badé ngrembag nomer:

3. Wanita ing béndjing badé dados tetimbanganipoen prija, dados kantinipoen ing sadjeg gesang. Mangka ing djaman sapoenika sampoen nama djaman madjeng, mila ladjeng kaot kalijan roemijin-roemijin. Prija boten badé teroes saangsal-angsalipoen kémawon, nanging prija ingkang nglenggahi djaman inggih milih wanita ingkang oegi sampoen madjeng. Inggih leres garwanipoen advocaat boten kedah wanita ingkang poetoes bab pangadilan; garwanipoen goeroe boten kedah wanita ingkang oegi gadah diploma goeroe. Nanging prija ingkang gadah kasagedan toewin pangkat meksa pados wanita ingkang sekolahan.

Roemijin koela sampoen ngandaraken, bilih beboedènipoen (verstand) wanita boten njandak beboedènipoen prija. Kawontenan makaten poenika boten kénging kasoepèkaken déning para pandidiking bangsa wanita. Poenapa malih menggahing wanita oetami aloesing lelagéan poenika dados nomer satoenggal, sebab poenika dados rerengganing tijang gegrija. Ananging sanadjan kados makaten kawontenanipoen, wanita ingkang gadah seserepan, langkoeng mikantoeki katimbang kalijan boten.

4. Panggoela - wentahing bangsa wanita kedah ngèngeti pangkat oetawi pandamelan, ingkang badé linampahan ing béndjingipoen. Bab poenika sampoen koela terangaken ngantos pandjang sanget. Wanita ingkang énggal gegrija, panggoela-wentahipoen temtoe kaot kalijan ingkang badé njamboet damel roemijin. Ananging kanggé satoenggal - satoenggalipoen kedah dipoenwonteni sekolahan oetawi jejasan, panggénanipoen wanita saged adjar.

Moegi-moegi para ingkang wadjib anggatosna prakawis sadaja ingkang sampoen koela atoeraken ing kala warti Sw. Tm. ngriki, moegi-moegi kaetjakna ingkang sampoen dipoensoemerepi, temtoe badé loemajan, moerakabi golongan wanita.

Noewoen. A.

IDJAB INGKANG DÈRÈNG OEMOER.

Tangga koela mentas gadah damel, manggihaken (mantoe) adinipoen èstri ingkang saweg oemoer ± 13 taoen mlampah; angsal prijantoen poenggawa gadé pangkat Kasier oemoer ± 35 taoen (tigang dasa gangsal taoen).

Mangsoeli sakedik. Tangga koela poenika awon-awon wedalan sekolahan (angka II kina), lan alit-alit ingggih kalebet prijantoen, sarta tijang ingkang kadjèn-kéringan ing salebeting doesoen ngrikoe, djalaran dados pitakènanipoen tetijang ngrikoe; dalasan Loerah doesoen ngrikoe kémawon, manawi saweg kataman bingoeng, ingkang tinedanan pepadang inggih ngrikoe.

Déné larénipoen èstri ingkang kaidjabaken poenika laré sekolah angka II saweg klas 3; poenika wangoenipoen bingah sanget déné angsal tijang djaler blandjan (prijantoen). Sepoehing laki wangoenipoen babar-pisan boten katingal, namoeng prijantoenipoen ingkang mélok mantjorong (é, mbokmanawi); mangka tijangipoen djaler poenika sampoen kawertos tijang oegal-oegalan, toer sampoen doeda. Sanadjan doeda nèk doeda djalaran pedjah, boten dados poenapa; poenika boten makaten; nanging anggènipoen doeda, djalaran sèmahipoen boten gadah anak. (poenika tjrijosipoen pijambak; déné jektosipoen?). Samanten dajanipoen prijantoen, sanadjan sepoeh, éwadéné....

Mangsoeli malih. Kénging poenapa laré dèrèng ngoemoer, teka sampoen kénging idjab, rák nganggé katjontokaken roemijin, ta? Kasinggihan sadèrèk, mila inggih makaten; tijangipoen koewatos, manawi katoelak, ngantos boten èstoe mantoe.

Nah, ingrikoe koela soemerep akalipoen; laré èstri dipoenwoeroeki déning modinipoen, mitoeroet pandangoening pangoeloe. Anggènipoen moeroeki inggih sarana katjoereng-tjoereng, kagetak - getak, kapaiben enz. kados déné jèn saweg kadangoe ing pangoeloe. Wangsoelanipoen inggih dipoenwoeroeki pisan, sarta dipoentjrijosi soepados matok. Sigeg.

Sareng doemoegi dinten ingkang kanggé njontokaken, laré èstri lan modin sesarengan dateng pengoelon. Wonten ing rikoe laré èstri ladjeng dinangoe, plek kados pamoelangipoen modin, sarta inggih saged mangsoeli ingkang trep. Wasana tjara kiripoen pikantoek, laré èstri kaoengelaken oemoer 16 taoen.

Makaten sadèrèk, anggènipoen sami sakomplot.

Pengoeloe poenika pandangoenipoen namoeng sarana ébahing lambé nginggil lan ngandap, boten medal saking boedi wening. Sampoen terang, tjeta wéla² laré dèrèng ngoemoer, tiningalan woedjoedipoen kémawon rak sampoen mélok.

Koela ingkang dados tangga wontenipoen namoeng melas (toer ingkang dipoenwelasi babar pisan boten ngraos), ladjeng toekoel gagasan ingkang boten - boten. Ingatasipoen tijang wedalan sekolahan, ingatasipoen prijantoen, modin lan pangoeloe, kados makaten mangretosipoen dateng babagan idjab, poenapa malih toemrap sadèrèk-sadèrèk koela ingkang babar pisan boten mambet pasinaon.

Sadèrèk! Andandosi bab émah-émah, poenika sapéranganing sarana kanggé njaèkaken bangsa Indonesia.

Sapoenika kados-poendi, soepados bangsa koela Djawi, jèn ngidjabaken anak, sampoen sami ngoemoer? Poenika boten sanès (é, gagasanipoen tijang tjoepet) Negari damela Wet, ingkang kinanténan antjaman oekoeman, ingkang toemoedjoe dateng:

1. Tijang sepoehing laré ingkang ngidjabaken anakipoen èstri dèrèng ngoemoer.
2. Tijang djaler, ingkang mendet sémah laré èstri ingkang dèrèng ngoemoer.
3. Modin ingkang sekakel kalijan tijang no. 1.
4. Pangoeloe ingkang ngénging-aken idjab laré èstri ingkang dèrèng ngoemoer.

Poenika panggagas koela tijang tjoepet; toemrap ingkang kawogan soemangga.

Oepami Negari netepaken wèt kados atoer koela waoe, poenapa bebajanipoen? Soemangga sami dipoentandangi.

Njoewoen samodra pangakasama.

Raga semangsang.

Ngitjali idjab dèrèng ngoemoer poenika koela tjotjog, ananging bab burgerlijke stand kedah dipoenatoer sajektos, soepados gampil pangoeroesipoen, poenapa laré jektos oemoer semanten poenapa boten. Red.

KOEROE SÉTRA.

„DJAGI-POERA.”

Dèrèng — poenapa — boten — mangertos!

Lo, poenapa poenika! mangga ladjeng!

„Malah itoe Zendeling-Zendeling datangnja disini tidak pertama kali membawakan keselamatan bagi anak-anak negeri, meskipoen alasan-alasan jang menggerakkan mereka bertinggal disini ada lebih tinggi sifatnja dari pada alasan-alasan orang-orang pedagang dan pemboeka tanah.”

Makaten tjarijosipoen: S. wonten ing SRI no. 47. Para maos, ingkang njipati, pirsa, sapinten padamelaning missie—inggih R.K. inggih Protestant —ingkang ladjeng katjaroek: Zendeling, temtoe boten tegel mriksani tetemboengan makaten.

Ngroedatos malih, ngèmoeti tebanipoen SRI soemebar ing gotrah Noeswantara, lan dados: soeloehing ra'iat;

kèmoetan bilih tetemboengan waoe tinampi sadaja pamaos SRI dipoenpitados saèstoe adamel kirang prajogi, mesakaken ingkang dados lésan.

1. Para maos pirsa, poenapa kersanipoen, pandamelanipoen para: Rama kita wonten ing ngriki — moelang-moeroek — nedahaken — margining kaoetamèn — „amrih kawiloedjenganing soekma.” — kawiloedjengan langgeng.—

Poenapa poenika sanès kawiloedjengan?

Poenapa boten pirsa? Poenapa dèrèng pirsa?

2. Para maos pirsa oegi — sapinten katahipoen anggènipoen toemoet ngadjengaken bangsa — damel sekolahan pinten-pinten, inggih ingkang andap — tengahan — volksscholen — standaardscholen — H. I. S. en — M. U. L. O. scholen. A. M. S. . . , lo. malih: damel, jasa roemah sakit pinten-pinten nampi sadéngah bangsa, sadéngah pangkat;

Poenapa poenika nama, oegi boten toemoet adamel wiloedjenging bangsa?

3. „Poenapa doemèh namoeng samanten? émoet. Prijantoen waoe mrikinipoen saking kadjengipoen pijambak — nganggé kantongipoen pijambak (boten dipoenpandoemi boten karèt, rosan) — oetawi malih sadaja waoe dédé kadjengipoen prijantoen - prijantoen waoe — sadaja waoe sanès toedjoe — nanging: srana, déné toedjoe i.p. no. 1 waoe. Poenapa inggih dèrèng pirsa labetipoen pakem. Melania, lan pakempalan ing Negari Wlandi ingkang toedjoenipoe:! nglempakaken arta preloe ngragadi laré Djawi ingkang badé ngladjengaken sinaoe boten gadah ragad?

Poenapa SRI boten ngertos sadaja poenika? poenapa dèrèng ngertos sadaja poenika? Poen Djoemeneng: Soeloeh pantjènipoen kedah ngatos-atos bilih andawahaken wawasan — dèning klèntoening pamawas damel kirang prajoginipoen ingkang dipoentjrijosi lan dipoentjarijosaken, njoedakaken pangkating: Soeloeh. Kadjawi ta manawi boten nganggep? Oepami boten nganggep inggih mèmper: nitik wontenipoen tetemboengan mratélakaken bilih: sebab ingkang andjalari sami wonten ing riki poenika Ada lebih tinggi —loewih doewoer satitik—tinimbang para ngawoela arta. Mangka manawi koela nganggep, wah sanès tandingipoen awas....!

Poenapa inggih boten oetawi dèrèng mangertos? Ia poenika sami lan tjarijosipoen: „Kedjawèn" mentas poenika—anggoemoeni sadèrèk: Pararta — anggènipoen njéda: antepipoen Setyawati — djer tijang kristen pijambak djamanipoen Praboe Néro—sami prasasat nemaha pedjah.

lo lo...... rak nggoemoedjengaken.......!!!

Djagalan *Djagal-Abilawa.*

NASIB.

Sadèrèk S. H. S. nalika 1-12-'29 voordracht (njrijosaken) bab nasib, wonten ing sangadjenging „Ledenvergadering P. G. D." kirang langkoeng makaten:

„Sadèrèk-sadèrèk! Nalika vergadering ingkang kapengker, koelanjarijosaken bab nasib, ingkang maksoedipoen: kita sampoen (boten soesah) njoewoen indakan gadjih; nanging sami njoewoen toeroening regining barang-barang kémawon. Lah sapoenika bab nasib koela ladjengaken.

Sadèrèk - sadèrèk! Kita poenika kasebat goeroe. Goeroe poenika sami misoewoer jèn pinter étang-étang; njoeda, nggoenggoeng, nangkar, petjahan, petjahan repetèn enz. sampoen boten kéwran.

Sadèrèk-sadèrèk! Goeroe ingkang sampoen sineboet pinoendjoel ing étang waoe, sajektosipoen bodo, tandanipoen: mara pamedalipoen ing sawoelan-woelanipoen tansah boten pinanggih-pinanggih kémawon.

Nanging kita goeroe, inggih sampoen alit panggalih, awit ingkang makaten poenika boten doemawah dateng badan kita kémawon, nanging oegi soemrambah dateng bangsa kita Djawi.

Koela kèngetan dateng tjrijosing tijang sepoeh: Landa ikoe pinter; Tjina inger; nanging wong Djawa keblinger. Makaten sadèrèk.

Tjina nalika nembé dateng saking nagari Tjina, namoeng katokan tok; ladjeng pepriman; angsal-angsalanipoen kanggé sadéan alit-alitan, oepami: katjang. Dangoe2 saja mrintis, ladjeng dipoenkantèni klobot, ladjeng wewah malih sata, menjan, rokok, wasana djenggèlèk, dados toko.

Lah poenika sadèrèk, tandanipoen jèn Tjina poenika inger; tegesipoen pinter ngoebedaken pamedalipoen.

Nah, sapoenika gentos sadèrèk kita Djawi poen Dadap. Bapakipoen nalika gesang sadé saoto. Sapoenika poen Dadap oegi sadé saoto, ngleloeri padamelaning bapakipoen. Saprika-sapriki sadéanipoen poen Dadap adjeg kémawon, boten wewahwewah malah saweg bapakipoen, nganggé bregedèl kentang, poen Dadap ganggé bregedèl boedin.

Malih, sapoenika toemrap kita. Nalika pandjenengan nembé benoem taksih djaka, tampi blandja f 17,50 (7 ringgit). Sareng sampoen dienst 3 taoen, blandja pandjenengan dados f 18,50 (woloelas setengah). Wah gagah, tjrijosipoen mindak. Mangka pandjenengan sapoenika sampoen kagoengan raji, teka ngandika mindak. Tjobi jatra f 18,50 kabagi 2, pikantoek pinten? f 9,25 ta! Andak mindak! Sareng dienst 6 taoen, blandjanipoen dados f 25, (selawé). Wah, ingkang 7 ringgit kapoerih dèrèk, boten kénging djèdjèr, kedah wonten wingking. O, kléntoe pangétangipoen, blandja f 25,— poenika sampoen gadah anak 2. Dados tjatjah sirah djiwa 4, tampi f 25,—; dados dawah minten? f 6,25 ta? Lah poenika sadèrèk; waoenipoen f 17,50, ladjeng f 9,25 wasana dados f 6,25. Teka saged witjanten mindak.

Ing mangka sadèrèk! Blandja f 25,- poenika, kedjawi mindak anakipoen kalih, taksih katah malih kaindakanipoen, kadosta: Rasoekan neda setlikan ingkang mèpèd; bebed neda babaran Sala, ingkang 1 sawit f 20,— teda mindak oelam pitik, sapeken 1 enz. Lah poenika, poenapa boten kablinger sadèrèk?

Mila inggih boten goemoen; kita saja sepoeh, saja katah tamoe koela; datenging tamoe poenika jèn pinoedjoe tanggal enèm, toer tamoenipoen Tjina; preloenipoen sadèrèk-sadèrèk sami ngretos sadaja. Tamoe poenika inggih dipoensegah wédang; tèhipoen saking poenika tamoe, bon. La makaten sadèrèk. Mila kita kaoem blandjan ingkang katah-katah manawi plentong tanggal, ladjeng bingoeng, peteng ing manah.

Lah atoer oetawi voordracht koela poenika moegi sami pandjenengan galih.

Toehoorder: *Sasra.*

SAKING PAKEMPALAN.

K. W. SEMARANG.

Nalika Ngahad 1 December K. W. Semarang ngwontenaken parepatan taoenan, manggèn ing clublokaal K. J. B. ing Bangkong.

Ingkang rawoeh katingal njenengaken (kados adat saben).

Kinten-kinten djam 9½ éndjing pangarsa sadèrèk *P. Soetjipta* mbikak parepatan mawi tata-tjara Katholiek, noenten damel wawasan sakedik bab gesangipoen K. W.-Semarang ing taoen poenika, katjekak kados ing ngandap poenika:

Pakempalan K. W. Semarang, ing wiwitan taoen, nalika pangrèh kalintiraken bestuur énggal kénging kawastanan gering, inggih ing nglebet inggih ing ndjawi. Mila sareng koela sadaja katoeding déning parepatan warga nalika tanggal 19 December 1928, ragi awang-awangen, djer roemaos kekirangan kekijatan, margi dèrèng dangoe ing Semarang lan poenapadéné roemaos taksih kirang oemoer.

Menggah programipoen bestuur waoe: *1e.* ndandosi gesang kita (ing ngriki K. W.) ing kalangan kita pijambak.

2e. damel koentjaraning pakempalan kita ing kalangan ndjawi.

Menggah sadaja waoe badé kaprintji ing *jaarverslag.*

II. Jaarverslag K. W. Semarang.

1. Tjatjahing warga.
   Ing poengkasaning taoen 1928 warganipoen wonten 25.
   Ing poengkasaning taoen 1929 wonten 45.
   Dados tjatjahing warga mindak 20.
2. Kawontenaning arta.
   Saldo 1928 f $157,20^5$.
   Saldo 1929 $94,92^5$.
   Poenika boten ateges manawi contributie boten loemebet: nanging namoeng ing taoen poenika katah sanget arta ingkang medal: perloe kanggé ngleksanani idam-idaman 2 nginggil waoe: alal bahalal; Pausfeesten, pepanggihan-pepanggihan, oetoesan lsp.
3. Pangrèh ingkang katoeding parepatan taoenan 1928:

P.J. Poespasoetjipta	Pangarsa.
R.M.J. Santjaja	Panitra.
R.D. Dirdjawinata	Hartaka.
P. Roewidadarma	Commissaris.
E.S. Martawidagda	„

   Nalika woelan Juli 1929, R. M. J. Santjaja lèrèh kagantos R. M. J. Sasraningrat; kedjawi poenika kawewahan warga énggal setoenggal, minangka dados Hartaka angka 2.
4. Tjatjahing parepatan:
   a. Parepatan pangrèh kaping 6.
   b. „ warga „ 4.
   c. „ sesarengan P.P.K.D. kaping 2.
   Parepatan tansah katah sanget ingkang ngrawoehi.
5. Pandamelanipoen K. W. i. p.:
   a. njamboet damel sesarengan kalijan K. S. B. ing bab:
      1). ambijantoe adegipoen 1 ton fonds kanggé de Koerier.
      2). ambijantoe 50 taoenanipoen K. S. Bapa djoemeneng dados imam.
   b. ngwontenaken inlichtingen bureau kanggé nerangaken kawontenaning Semarang: adrès-adrès, séwan grija, teda lsp.
   c. ngwontenaken Alal-bahalal.
   d. ngwontenaken pepanggihan kanggé sadèrèk Katholiek Indonesia ing Semarang minangka kanggé ngatoeraken soegeng rawoeh Rama G. A. padoeka rama H. de Kuyper, sadèrèk Dr. Dwidjatanaja lan sad. A. Djoepri, poenapadéné kanggé ngoelinakaken tetepangan. Gezellige bijeenkomst katah asilipoen. Gotrah Katholiek ingkang rawoeh wonten 80, sarta ketingal sami seneng lan rena ing penggalih.
   e. Ngadjengaken namaning K. W. lantaran tetepangan kalijan tijang sanès.
   f. Njenjoeboer jajasan-jajasan K. W. i. p. Bibliotheek lan toko, tjèlèngan lan Pangroekti laja. P. L. madjeng pijambak.
   g. K. W. lan kalangan ndjawi. K. W. ngintoenaken *oetoesan* nalika:
   h. Pésta 14 taoenipoen Jong-Java.
   i. Openbare vergadering. Jong-Java ngrembag: Internaat.
   j. Openbare vergadering. Boedi-Oetomo ngrembag bab itjaling artikel 161 bis lan art. 153 bis lan ter strafwetboek lan Regentschapsraden - ordonnantie.
   k. ngrembag kalijan B. O. bab adegipoen *Polikliniek.*
   l. gecombineerde vergadering Studieclub Semarang, ngrembag bab adegipoen Gedong pertemoean.

—Gandèngipoen kalijan pakempalan sanès, katingal saé, lan naminipoen K. W. katingal montjèr.

III. Sasampoenipoen Hartaka maos palapoeranipoen ladjeng milih verificatie - commissie, ingkang katoeding: sad. Soeraja, sad. Pascalis lan sad. Aboe.

IV. huisvestingscommissie.

K. W. badé ngwontenaken huisvestingscommissie; ingkang madosaken katerangan bab pamondokan prijantoen ingkang mentas rawoeh oetawi moerid-moerid Katholiek.

V. Leesgezelschap.

K. W. badé mitoeloengi para warga ingkang badé ngwontenaken leesgezelschap.

V. Pilihan Pangrèh.

Poenika ingkang dados rembag ramé sanget. Pangarsa lami sadèrèk P. Soetjipta boten saged nglampahi dados pangarsa malih djer badé ngladjengaken pasinaonipoen. Sadèrèk panitra R. M. Sasraningrat mekaten oegi. Woesana kaoendi. Ingkang kapilih sadèrèk A. Djoepri, nanging pandjenenganipoen boten nampi. Sasampoenipoen watawis dangoe anggènipoen ngrembag, sadèrèk Roewidadarma katoeding: kersa nglampahi oeger anggènipoen njamboet damel tjara kina: alon-alon angger tekan. Parepatan moefakat.

Pangrèh énggal kados ing ngandap:

Pangarsa:	P. T. Roewidadarma.
Moeda Pangarsa:	A. J. Djoepri Nitihardja.
Panitra I	F. J. Aboe Dirdjowinoto.
Panitra II	G. Jasa Adisoewignja.
Hartaka I	M. J. Manab.
Hartaka II	M. J. Martowirjono.

C. Soedjana commissaris Semarang kilèn.

E. J. S. Martawidagda commissaris Semarang kidoel.

R. F. S. Adisoesanta commissaris Semarang wétan.

VI. Spaarclubcommissie:

Sad. H. Soepadi, Roewidadarma, Aboe, Sardjoe, lan Jasa.

VI. Bibliothecaris: Manab.

Djam 1 siang parepatan katoetoep déning pangarsa énggal mawi tata-tjara Katholiek.

Loerah dongkol.

VAN LITH-STICHTING

Mitoeloengi

ngwontenaken wragad kanggé pasinaon saha daharing para

PASTOER DJAWI

poenika dados koewadjibanipoen golongan kita Djawi Katholiek

Mila

soemangga sami dados warganing Van Lith - Stichting!

PANGRÈH V. L. S.
p/a. Bijz. H. I. S.
Magelang.

REMBAGIPOEN GARÈNG LAN PÉTROEK.

— Bab klintoening panginten —

Kedjawèn angka 95.

Garèng lan Pétroek sami rembagan bab panjaroewé koela menggahing goebahanipoen Rr. Siti-Soeharti ing Kedjawèn angka 88. Sinten ingkang klintoe ing panginten? Landeping panggraitanipoen para ingkang maos lan mireng badé saged mastani. Panjaroewé koela ing Sw. Tm. no. 40 ringkesipoen rak makaten: koela boten roedjoek, awit toelada awon kanggé njebabaken (dédé sebab kanggé njebabaken).

Mila ing ngriki badé koela djlèntrèhaken pamanggih koela menggahing goebahanipoen Rr. Siti-Soeharti; mangké koela ladjeng badé ndjedjegaken dojonging pamanggihipoen Garèng lan Pétroek. (Pamendetipoen oepami).

Nijat koela boten badé ngoemboelaken, ladjeng ngantebaken makaten. Ananging amoeng ngedalaken pamanggih ingkang leres. Rr. Siti-Soeharti ngandaraken setyanipoen wanita lan prija, nganggé dipoentoeladani sawatawis. Manoet toelada ingkang kanggé nedahaken kaantepanipoen wanita, jèn Siti Soendari lan Setyawati mila langkoeng mantep katimbang Angling Darma, poenika koela inggih boten maiben, mila tjotjog.

Rr. Siti - Soeharti kagoengan panginten (subjectief), jèn Siti Soendari toewin Setyawati nganjoet toewoeh (sebab anggènipoen setya dateng ingkang dipoen-ngèngèri) poenika saé, koela inggih tjotjog.

Ananging manawi soedoek salira poenika sadjatosipoen (objectief), saé, lah poenika koela ingkang boten tjotjog, lah poenika ingkang koela papali. Lelampahan ingkang sadjatosipoen boten saé, poenika sampoen kadamel oepami, senadjan poenika namoeng dedongèngan pisan. Oepaminipoen kémawon koela njarijosaken pandoeng soka, inggih poenika pandoeng ingkang njenjolong kaanggé tijang miskin. Pandoeng koela alem; ing batos koela gadah raos: kaja mangkono ikoe toeladen. Poenapa koela ngalem makaten poenika leres? Temtoe boten, awit njolong poenika sadjatosipoen awon. Ananging (ènget: atoer koela nginggil menggahing panginteniipoen Rr. Siti - Soeharti) saged oegi pandoeng soka waoe gadah panginten (subjectief) kados makaten poenika saé; nanging kawoeningana: poenika nama panginten mblasar, panginten klintoe, boten kénging dipoentoelad.

Dados manawi damel dongèng oetawi toelada kedah ingkang prajogi kaalem lan katoelad, kedah milih barang, ingkang sadjatosipoen (boten manoet pangitenipoen salah satoenggiling tijang) saé.

Kados samanten kémawon sampoen tjekap kanggé nerangaken tjetaning kadjeng koela ing Sw. T. no. 40.

***

Sapoenika koela kalilana ngrembag kateranganipoen Garèng lan Pétroek. Katja 1503 sisih ngandap (Kedjawèn angka 95) Pétroek tjarijos: „Rèng, sanadjan lelakon sing akoe kowé *wadjib* ngandel, arep diaranana dedongèngan baé, ija kena-kena baé." Lah makaten poenika kedjawi sadjatosipoen (objectief) lepat, inggih njlèwèng saking ingkang dipoenrembag. Doenoenging rembag ing ngriki kok boten *kedah ngandel* dateng salah-satoenggiling barang makaten, ananging doenoengipoen rembag wonten lepating panginten poen boedi lan woelang rèh (zedenwet), ingkang madjibaken tijang èstri kedah béla pedjah dateng ingkang djaler. Sebab prakawis makaten poenika boten kénging, mila pangrèh pradja sanadjan nétral pisan inggih ngawisi.

Déné menggahing Tijang Kristen ing djamanipoen sang praboe Néro; tijang Kristen ingkang dipoenpedjahi margi kaantepanipoen dateng Agami poenika, saking pamanggihipoen Pétroek *prasasat* soedoek salira. (Dados soedoek salira *sajektos* poenapa boten??? Par.). Poenapa mastani makaten poenika, nganggé dipoenterangaken sebabipoen? Inggih; makaten: *Awit sadoeroeng - doeroengé rak wis pada ngreti, jèn ora mitoeroet bakal dipatèni, dadi matiné maoe prasasat disengadja.* (Katja 1504 sisih ngandap). (Dados dipoensengadja poenapa boten makaten poenika??? Par.)

Tijang Kristen ingkang dipoenpedjahi waoe, nglaboehi, nanging laboehipoen béda kalijan Siti - Soendari lan Setya-wati.

Oepami koela kadatengan mengsah, ingkang badé ngrebat barang darbé koela, koela kénging nanggoelang mengsah koela waoe, sanadjan koela ngretos jèn badé doemoegi ing pedjah margi nglaboehi radja darbé koela waoe.

Tijang ingkang dipoenpeksa nglampahi awon, boten namoeng kénging kémawon, nanging malah prajogi nanggoelang poen mengsah, sanadjan ngretos jèn badé tiwas.

Nanging soedoek salira, oepaminipoen doewoeng kasoedoekaken badanipoen pijambak oetawi doewoeng dipoentjepeng mengsah, dipoenroengkebi, poenika boten kénging.

Ing mangka Agami poenika ngoengkoeli resiking manah lan aosing banda; mila dipoenlaboehi ngantos pedjah: pantes dipoenalem; nanging soedoek salira babar pisan boten kénging.

Sampoen samanten kémawon.

PARARTA.

KRING BANDOENG.

Nitik verslag - verslag pahargjan Ingkang Sinoehoen Kndj. Pius XI, kring V.L.S. Bandoeng katingal amem kémawon. Poenapa ta sebabipoen? O, boten sanès margi gotrah Kath. Djawi saweg ngroempaka adjenging V.L.S. lan Begrafenisfonds.

Ijak, kados makaten kémawon kok ngantos njoepèkaken dinten pahargjan 50 taoenanipoen Kndj. Santo Rama! Déné gotrah Kath. Djawi ing Tegal mangga, poenika kénging kadamel katja benggala, kénging katiroe! O, inggih soemangga sak kersa anggènipoen sami mastani, djer kring Band. saèstoe teksih sèkèng; wah malih kabekta saking katahing warga, toer ndadak sami mrentja; kalijan malih gotrah Kath. Djawi Bnd. poenika namoeng Swarga noenoet. Liripoen, para Rama boten ngabaraken ngrembag kita; sawek ngoeroes sedèrèk Walandi kémawon sampoen roemaos kekirangan baoe. Éwasamanten gotrah Kath. Djawi ing Band. saged adamel mongkoging panggalihipoen para Rama, djer sampoen saged ada-ada pijambak ngawontenaken Begrafenisfonds.

Ing pav. Pastoeran kala tanggal 24 Nov. kapengker poenika djam 7 sonten kawontenaken pepanggihan malih déning gotrah Kath. Djawi; perloe nggiligaken rembag idamidaman kita Begrafenisfonds. Saèstoenipoen sampoen woengsal - wangsoel kita ngrembag pak. poenika, anamoeng djoentasipoen saweg 24 Nov. kapengker poenika, lan kita sampoen ngjakinaken wiwiting woelan poenika madeg saèstoe. (kawiwitan).

Menggah wontening statuten kados kirang perloe, jèn ta kita amotaken wontening madyaning taman riki, margi mindak ngebak-ngebaki papan.

Déné ingkang dados toedjoening fonds, mligi namoeng nglempakaken arta, sarana narik èntré dalah Contributie, ndjagèni mbok bilih wonten salah satoenggaling warga ingkang pantjal donja.

Manoet wontening statuten ingkang kakéngingaken mlebet dados warga, ngemoengaken sadèrèk Katholiek tok, ingkang wonten ing koekoebaning gemeente Bandoeng dalah Tjimahi. Sanès bangsa (oeger Kath.) oegi kénging mlebet dados warga, saoeger kersa mbajar èntré f 10, lan arta Contributie f 1, sawoelanipoen.

Menggah pambajaring arta èntré lan Contributie: warga i.k. pamedalif 25 medak, tjekap mbajar f 1, déné warga ingkang pamedalipoen f 25, minggah kénging 10% ning pamedal; *) déné Contributie, warga ingkang dèrèng gegarwa (legan) kasamèkaken kalijan pambajaraning, kring V.L.S.; warga ingkang sampoen gegarwa lan poepoetra kedah mbajar 1½% ning pamedal.

Tanggal 28 Nov. kapengker poenika, padoeka Rama de Rooy. (G. A.), propaganda wonten ing R. K. Kerk. Tjimahi, ngrembag (ndjembaraken) pak. kita énggal poenika. (B.F.).

1. December sonten ing Tjimahi kawontenaken pepanggihan malih, kapangarsan déning Padoeka G. A.

Giliging rembag, kring Tjimahi badé ngangseg dados satoenggal wonten ing Bnd. Namoeng gelanipoen déné Zelateur V.L.S. (i.k. oegi katoeding déning warga mangarsani Begrafenisfonds); boten saged ndjenengi, djer tjaket dalem Kazelateuran dinten poenika ragi kampiran lésoes sekedik; 5 grija ragi karisakan, dalah dalem Kazelateuran pijambak oegi kampiran, namoeng wonten gendèng satoesan i.k. ladjeng kepeksa nggantos, mangka kasarengan djawah deres dados pandjenenganipoen oegi ragi..... alj. ketjipoehan.

Saben woelan sepisan, kadawahaken dinten Minggoe i.k. kaping tiga, kring Bnd. kawontenaken pepanggihan adjeg wonten ing pav. Pastoeran bakda Lof.

Menggah ingkang kadjibah mangarsani fonds poenika:

1. Toewan *E. Setoe* Voorzitter
2. *Rafaël Tahrin* Penningmeester
3. *Rd. Paulinus Djabardi* } Commissaris
4. *Paulus Ngadhimin* } Commissaris
5. *Aloewi. Soepardi* Secretaris.

Donateur kaasta déning Toewan G.-F. Harahap.

Widadaa kring Bandoeng!!.

Noewoen

R. J. T. Bandoeng.

K A G O E N A N.

PASEMON-PASEMON ING SALEBETING PADALANGAN.

(Petikan sesorahipoen sadèrèk Hardjawardaja).

Sampoen leresipoen manawi kita boten namoeng manah prakawis politiek kémawon. Kita kedah oegi manah kagoenan toewin kaboedajan Djawi. Sinten ingkang badé anggegesang, manawi dédé kita pijambak bangsa Djawi.

Ing salebeting padalangan pantjèn katah pasemon loehoer-loehoer ingkang awis ginatosaken para ningali ringgit.

Loeloehoer kita anilari wasijat katah, toeladan warni-warni, ginelaraken wonten salebeting lalampahan ringgit.

Sadèrèk Hardjawardaja Moentilan, kala Setoe sonten 7/8 December damel sesorah sakedik bab padalangan wonten kamar bolah Sasanasoeka ing Moentilan. Anggènipoen sesorah dapoer anoelaraken poenapa ingkang tinampi wonten sakolahan dalang. Sesorah waoe boten njolangaken *sadaja* ingkang magepokan kalijan padalangan, éwadéné inggih katah prakawis-prakawis ingkang soeraosipoen pantes koela pèngeti ing Sw. T. ngriki.

---

*) pangangkah arta kas namoeng sageda énggal montra.

I. *Goenoengan* kaanggé lantjip, poenika preloenipoen soepados para ingkang ningali sami lantipa boedinipoen. Ing salebeting goenoengan wonten gambaripoen kakajon, poenika mrasemoni kareping manoengsa. Kajon waoe ginoebet sawer, mralambangi panggoebeding panggoda. Moenjoek lan loetoeng, ateges kasoektjèn, déning kéwan kakalih poenika kala djaman kinanipoen kaanggep kéwan soetji. Gambar kemamang, toewin tatit: pikadjengipoen papadang oetawi obor. Gambar bantèng ateges karosan, déné sima kadjengipoen: prabawa. Gambar grija prelambang kaantepaning satoenggal - toenggaling tijang. Danawa poenika tegesipoen angkara moerka, inggih hawa nafsoe ingkang midjil saking pantjadrija. Gegaman ingkang pinoendi soeraosipoen: kentjenging panggalih saged medjahi oebaling nafsoenipoen pantjadrija.

Dados sadaja waoe manoet pamedar sabda kénging sinoeraos: „wong doewé kakarepan pantjèn akèh roebédané. Nanging adja moendoer, awit koewé rineksa moenjoek lan loetoeng, tatit karo kemamang, bantèng karo matjan. Angger kowé kentjeng karepmoe, mesti bisa njirep oebaling hawa nafsoe, satemah si omah bisa madeg déwé, kasembadan apa kang dadi sedyamoe.”

Wonten sawenèh ingkang negesi gambar - gambar ing salebetipoen goenoengan waoe awawaton kératabasa, makaten: Loetoeng ateges: apa-apa sing ko-oeloe étoengen. Moenjoek: begdja moenjoek - moenjoek teka déwé. Kemamang ateges adja mamang, sing kentjeng karepmoe! Oela, dapoer pamoedji soepados tjarijosipoen saged pandjang kados sawer. Bantèng lan sima, poenika gambaripoen ingkang jasa ringgit: santosa amrabawa! Wit-witan: samoebarang ana wiwitané. Ron toewin oewoh: samoebarang ana wohé.

Badé kasambet

O E R A P - S A R I

KABAR KATHOLIEK.

Nata Italie saèstoe sowan dateng Vaticaan.

Kala tanggal 5 December, Sang Nata Italie sakalijan praméswari èstoe sowan martoewi dateng Vaticaan, nitih kréta kantjana. Lalampahan poenika pantjèn pantes pinèngetan, margi saplok wonten rembag Romeinsche Kwestie doemoegi sapriki, dados sampoen 69 taoen, saweg sapoenika Nata Italie katingal wonten Vaticaan.

Sang Praméswari dipoenparingi tasbèh djené pinatik sosotya, poenapadéné gambar dalem Dèwi Marijah tedakan saking gambaranipoen Raphael.

Déné Sang Praboe dipoenparingi petèn pèni damelanipoen Beltrani isi kalempakan arta ing poendi-poendi gadahanipoen Vaticaan, tjatjahipoen sakawan, mawi gagambaran saé. Kadjawi poenika dipoenparingi petèn alit isi medali salaka, djené toewin proenggoe, ingkang medalipoen mligi kanggé mèngeti woedaring Romeinsche Kwestie.

Déné Sang Nata Italie ngatoeri pangènget - ènget awoedjoed Salib kagem wonten djadja, wedalan kina tinarètès ing barlijan. Kadjawi poenika ngatoeri Salib alit tilaran saking Kraton Savoye.

Naréndra kekalih poenika anggènipoen wawan pangandika namoeng kalih dasa menoet. Sang Nata Italie kalijan Praméswari wonten Vaticaan inggih sowan dateng Grédja St. Pieter, sarta sami sembahjang wonten ngrikoe.

Katjarijos, manawi tanpa alangan ing awaling taoen ngadjeng, ngarsa dalem Kg. S. Rama badé malesi pisowanipoen Nata Italie waoe.

Soedjarah sapisanan lan mbrekahi goewa Sendang - sana.

Hanon, martosaken:

Angleresi riaja dalem Dèwi Marijah Pinoerba tanpa dosa asal, lan 75 taoenipoen kanjataan waoe kakepjakaken ing P. Soetji (8 December ’29), goewa pepetan Lourdes ing Sendang - sana (Promasan) kasoetjèkaken ing Pandjenenganipoen Rama Soeperijor. Sabibaripoen ndèrèk Mis Soetji, tijang Katholiek sadaja ± 1300 sami arak-arakan dateng goewa, samargi - margi sami sembahjang. Rama Prennthaler ngandikakaken, jèn wekdal poenika djangkep 25 taoen nalika Soewargi Rama van Lith mbabtis tijang ngrikoe ± 400, nganggé toja ing sendang ingkang doemoenoeng sangadjenging goewa.

Ladjeng menjanji (zangers saking Moentilan) lan sembahjang katoer Dèwi Marijah.

***

Barnabas Sarikrama, tijang Djawi sapisanan ingkang kaparingan noegraha dalem K. Santo Rama, woedjoed medali djené.

Pijambakipoen poenika goeroe agami Kalibawang ingkang sampoen 25 taoen mitoeloengi Missie. Pramila I. S. K. Santo Rama Pius XI maringi pratanda. Menggah woedjoeding medali katjirénan Potrèt dalem K. Pius XI, déné soewalikipoen sineratan „Bene merenti” (teges: Kanggo wong sing gedé lelaboehané); sanginggilipoen tjiri wapen dalem (Het wapen des Pausen). Medali waoe kaparingaken déning Rama Soepérijor pijambak. (ing salebetipoen noetjèkaken goewa).

Kita Katholiek wadjib ndèrèk bingah - bingah, lan ngènget - ènget noegraha ingkang tjoemlorot saking tanah Roem waoe.

SAKING - „MOENTILAN.”

C. Ordeeka, martosaken:

Tanggal 8 December poenika sadaja para gotrah Katholiek moeljakaken Sang Pinoendjoel ing kasoetjijanipoen sadjagad boten wonten ingkang nimbangi, i. p. Sang Iboe Kenja Dèwi Marijah; déné tanggal 8 Dec. kepengker poenika djangkep 75 taoenipoen anggèning Sang Kenja kakepjakaken: *moeloes tanpa tjiri.*

Ing Moentilan kawontenaken pakoermatan kondjoek Sang Dèwi, keleresan dipoendjenengi: Alg. Overste Broeder Onbevl. Ontv., saking Maastricht saha zuster saking Roem!

Wontenipoen:

a. Orkest toewin menjanjian: *Ave Maria,* para siswa P. A. M. S. lan H. I. S. katoentoen Rama Schouden — saénipoen — andoedoeti, para maos pirsa pijambak bebasan: koerang tjandra toerah ramya.

b. Sekar 3 stemmig kondjoek Djeng Iboe, siswa N. S. ing ngriki tjekap koela atoeraken: *bisané enggoné angréka.*

c. Beksan lawoeng, siswa N. S.— saoepami ingkang sinéwa ing para poetra gotrah katolik poenika Djeng Iboe saèstoe, sanès pepetanipoen, bokmanawi badé goemoedjeng pirsa: tjoetjoet-trampiling badoet, miwah: tjoekat, gandes-loewesing solahipoen poetra ingkang manganggé satrija - aben .....

d. Ontjèn sekar mawar kondjoek Sang Dèwi (versje) - siswa H. I. S. *pinteré ingkang anggegoelang.*

e. Gambar pedjah: Soegeng dalem Sang Pinoerba Soetji - kaandaraken Hr. R. J. Djajaatmadja, boten badé kirang tjeta. Ing ngrikoe ketingal kados - poendi Dèwi Marijah, asma ingkang oegi ateges: ingkang koewasa, paring pepadang, ingkang soelistya, anggèning masrahaken saliranipoen babar pisan dateng Ingkang koewaos.

Nalika dèrèng kempal lan S. Joesoep, angsaling padamelan nenoen lsp. mligi katjaosaken kagem pangagemaning Imam; anggèning sinaoe maos namoeng: mélik sageda ngertos maos boekoe-boekoe Soetji. — Makaten wiwit timoer ngantos doemoegi ing séda, soemarah ing Pangéran.

f. Minangka panoetoep — sadaja sami ngidoeng: „Gebenedijd zijt Gij.” — bibaran.

„Pinoedji Sang Pinoerba Soetji Moeloes tanpa Tjiri.”

SAKING MEDARI.

Redactie pikantoek pawartos saking M. M. kados ing ngandap poenika.

— Ing Standaardschool béndjing Minggoe 3e. Zondag December 1929 poenika badé dipoenwonteni recollectie groep Medari wiwit djam 8-10 éndjing, ladjeng kasambet conferentienipoen goeroe missie groep Medari, perloe badé ngrembag: ndamel programing actie (lampah) ingkang badé dipoenetjakaken ing th. énggal 1930. sarta matitisaken woh-wohipoen actie nalika taoen 1929.

Manawi wonten sadèrèk goeroe missie sanès groep badé mertamoe katampi tangan kalih, lan dipoensedijani sawontenipoen.

Groep Ngidjon prajogi damel oetoesan minangka tamoe ing pengangkah sageda damel perhoeboengan.

***

— Ing Lodji Nglempong béndjing tg. 26 December badé dipoenanggé adjanging Congrèsipoen para Katholiek ing groep Medari (Katholieke dag). Ing dinten waoe sadaja Katholiek ing groep Medari sak-saged-saged badé ngempal dados satoenggal wonten ing Lodji, badé sesareng mahargja dinten ageng Decemberan, programanipoen:

djam 8 nglempak, ladjeng sembahjang sesarengan, noenten voordracht bab mijos Dalem G. J. wasana medal pasoegatan teroes mirsani petilan wajang saking pakempalan Beksa wiwara tama, (goeroe-goeroe) lan wajang djembloeng soembangan saking sadèrèk ndjawi, kinten² djam 3 of 4 sonten kadamel bibaran.

***

— **Tjekakan verslag Missie ing groep Medari** ing salebetipoen th. 1929.

1. Sekolahan volkschool tambah 3 idji.
2. pakempalan tambah K. W., débatingsclub, lan sinaoe beksa.
3. Jasan (gebouwen). grija sekolahan Toeri 4 kamar, grija sekolahan doesoen 1. (Ketjemé).

Grédja Medari mindak wonten boek, soemoer, koelah lan èmpèr pit.

Cursus daloe. Ing Standaardschool Medari cursus daloe wonten moeridipoen 100, sami sinaoe Welandi, aksara Latin lan aksara Djawi. Wanita Katholiek sampoen gadah cursus sonten djam 4 t/m. djam 5,30. moeridipoen para prijantoen poetri garwanipoen para prijantoen ing Medari sampoen wonten prijantoen 15 manggèn ing dalemipoen sadèrèk Soeprapto.

Ing doesoen sanès, oegi sami wonten cursus daloe katjepeng ing personeel missie radin-radin moeridipoen 20 sami tijang sepoeh-sepoeh.

Prakawis ingkang perloe dipoenprihatosaken,

1. sak wenèhing sekolahan doesoen wonten ingkang tjatjahing moeridipoen moendoer.
2. Djoemedoeling circulair „Canisius” bab: oekoemanipoen para goeroe-goeroe missie dateng moeridipoen.
3. Bab kiranging personeel missie ing groep Medari, ingkang perloe ngopèni tetijang ingkang sampoen Katholiek lan ingkang badé dados Katholiek, katah papan ingkang mbetahaken piwoelang Agami, nanging boten saged njoekani, djoeroe moelang ingkang gandem.
4. Lebeting tijang Katolik dateng Grédja radi kendo, poenika toemoesipoen No. 3.

Pakempalan-pakempalan Medari, kadosta Pangroektilaja, K. W. kerkbestuur, enz; saweg sami riboet damel jaarvergaderingipoen.

***

Bab Jeugdorganisatie Medari.

Ing Standaardschool Medari, moerid - moeridipoen sami dipoen-gladi bab pakempalan.

Wonten laré pepilihan sekolahan ngrikoe kirang langkoeng 20 sami mangoen organisatie dipoenpimpin T. Kresnahamidjaja (Soedahad). Laré 20 waoe dipoenwoelangi bab - bab ingkang gegajoetan kalijan pakempalan. Oep.:

Apa tegesé: Voorzitter, Secretaris, Penningmeester, enz.

Kaprijé koewadjibané pangrèhing koempoelan.

Statuten lan H.R. ikoe apa? Contributie, éntré ikoe apa, lan tandjané kaprijé, donateur, eerelid, beschermheer ikoe apa? Comité ikoe apa? Kaprijé tjarané wong nganakaké koempoelan. Perloené koempoelan. Sarta laré-laré waoe dipoen-gladi voodracht wonten ngadjenganing tijang katah, dipoenbidji ing goeroe-goeroe, ingkang saé pijambak mondelingipoen lan wiraganipoen gineman wonten ngadjenganing tijang katah, angsal prijs, poenika toemindak kala - kala jèn pinoedjoe ngaso, mawi dipoensedijani koersi inggil.

Ing ngriki para goeroe nggladi sageda para moerid ing tembé saged gampil lan trampil nglairaken gagasanipoen wonten ngadjenganing tijang katah. Wiwitan katah ingkang nggragap, ndredeg, glogap - glagep, enz. nanging sapoenika sampoen ketingal wonten wohipoen, malah wonten ingkang sampoen ketingal kanggénan sesipatan Mussolini: mangsoeli pitakénan saged tjeg del. Koela nginten laré waoe jèn saged angsal didikan pemimpin ingkang sampoerna, saged dados.

Sanadjan laré waoe tembé gesangipoen namoeng agegaman cursus Standaardschool, pandoegi koela saged dados pemimpin, ngoengkoeli ingkang langkoeng inggil diplomanipoen, awit saknjatanipoen tijang saged dados pemimpin poenika boten pandang diploma.

Moerid-moerid waoe sapoenika sampoen gadah pakempalan nami: „Mardi koepija” moegi toeloesa soeboer.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

N E U T R A A L ! ! ! ! !

Saking neutraalipoen, ngantos ....

(Actienipoen „Bahagia”).

—)o(—

Neutraal, poenika gagajoehanipoen koran *Bahagia* ing Semarang.

Neutraal, dados sasantinipoen sadèrèk ing Komidistraat!

Nanging, ... saking neutraalipoen ngantos prakawis ingkang sampoen genah kémawon dipoengodjag - gadjegi!

Bahagia no. 273 tg. 7 December, wonten artikel „Europeanen als hospitant in Indië” ngewrat pamanggihipoen dr. van Blankensteyn, petikan saking *Volkscourant.* Artikel waoe, pandoegi koela damelan redactie.

Sasampoenipoen sakedik - kalihkedik mantjahi pamanggihipoen toewan Blankensteyn, wonten tengahtengahing artikel, Bahagia tjarijos makaten: „..... *Apa ada Goesti Allah jang bisa mengadili? tidak ada barangkali, sebab sampai di ini hari kalau kita tidak berboeat apa-apa, Indonesia djoega akan tinggal begitoe, begitoe sadja. Dari itoe, seroean kita bekerdjalah .... Tidak ada jang bisa dipertjaja selainnja kekoeasa'anmoe sendiri.* (N. B. Dojonging aksara déning P.M.).

Dados, *Bahagia: I. Rangoe-rangoe* ing manah: „Goesti Allah sing bisa ngadili koewi ana apa ora?”

Pitakèn makaten poenika, sampoen kénging kanggé ngoèkoer neutraaliteit-ipoen *Bahagia.*

Sampoen wola-wali Patjar Mérah anerangaken: kita anggadahi wasijat saking loeloehoer kita woedjoed pangandel dateng wontening Allah satoenggal. Mila manawi wonten bangsa kita, ngoengkiri wontening Pangéran, poenika ateges amboetjal wasijating loeloehoer. (— Poenika boten ateges bilih sadaja tilaraning loeloehoer kita, kedah dipoennaloeri! —).

Bahagia pijambak kerep sanget angèngetaken bangsa nriki soepados netepi Wétanipoen! Nanging sapoenika, (sadjak) ngoengkiri tatales Wétan ingkang bakoe pijambak!

Koela taksih kèngetan (— nanging kesoepèn wonten Bahagia nomer pinten —), koran Semarang poenika moengel makaten: „*Wij Indonesiërs zijn broeders van één God!*” Nanging sapoenika sagedgadah pitakénan makaten! Poenapa poenika ingkang dipoenwastani *sendjata makan toewan?* É, apa kedajan panasé koeta Semarang, kimboehan panasé ketiga dawa?

„Goesti Allah ana apa ora ??” *Bahagia* mangsoeli: „*Barangkali tidak ada!*” Wangsoelan makaten poenika sampoen anjaketi dateng „Goesti Allah ora ana!” nanging taksih kamoran manah tida - tida! Soenggoeh kasihan! Mangga sadèrèk, koela atoeri njatitèkaken sadaja ingkang goemelar wonten djagad poenika! Mangga koela atoeri maos „Kitab Dalem Pangéran” (djagad) ingkang saben dinten pandjenengan sanding, pandjenengan soemerepi, nanging boten naté pandjenengan waos! Mangké, pandjenengan mesti boten doemoenoeng wonten alam godjag - gadjeg makaten!

„Goesti Allah ana apa ora? —” Barangkali tidak ada! Sebab sampai di ini hari *kalau kita tidak berboeat apa-apa, Indonesia djoega akan tinggal begitoe, begitoe sadja!*”

Poenapa makaten poenika sampoen kénging kanggé amatoni: ora ana Goesti Allah?

Sadèrèk ing Semarang! Wonten koeli onderneming tjarijos makaten: „Administrateur koewi odak ana! Sebab, nèk akoe odak njamboet gawé ja odak olèh doewit!” Poenapa wawatonipoen koeli onderneming makaten poenika inggih pandjenengan leresaken?

Wonten moerid tjarijos: „Goeroe koewi rak dak ana! Awit, nèk ndok sekolahan akoe odak noelis odak barang, ja isèh adjeg baé kaja dèk akoe lagi mleboe sekolah!” Poenapa wawaton makaten poenika pandjenengan leresaken? Manawi kaleresaken, pandjenengan tetep koela wastani *loetjoe!*

***

II. „*Tidak ada jang bisa dipertjaja selainnja kekoeasaanmoe sendiri!*” Dados koewasaning salira pribadi, poenika toemrap Bahagia sampoen asipat inggil pijambak!

Redactie *Bahagia* semoenipoen kesoepèn jèn ébahing badanipoen pijambak *boten* kawasésa déning salira pribadi! Kesoepèn bilih gesanging manoengsa *boten* pinoerba déning angga prijangga!

Poenapa prijantoen Bahagia boten naté mireng tijang pedjah, boten naté mireng tijang pedjah dadakan? O, oepami njata koewasaning sarira pribadi boten kalindih ing pangawasa sanès, tijang waoe mesti mogok boten poeroen pedjah! Inggih pedjah poenika prijantoen ingkang *melèhaken* titah ambeg koemawasa, ingkang moengel: „Tidak ada jang bisa dipertjaja *selainnja* kekoeasaanmoe (koe) sendiri!”

Semanten roemijin!

Kumuningsaselé 9 October ’29.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

KABAR OEMOEM.

INDONÉSIJAH.

MISSIE LAN GOEROE MISSIE.
BAB: SCHOOL ACTIE *)

Kados-poendi gandèngipoen kalih bab ing nginggil poenika?

Tjobi, leres lepatipoen soemangga para maos; leres dipoenagem, lepat dipoenboetjal.

Sepisan. Gandèngipoen kados déné rama lan poetra.

Kaping kalih, kados déné madjikan lan berahipoen.

Jèn kalih-kalihipoen dipoenoeled dados setoenggal ladjeng nami, anak boeroeh doewèké bapak.

Koela sami nampi lan nindakaken dedawoehaning rama, déné rama ngoetoes oetawi dawoeh poenapa² dateng koela, kanggé kabegdjan koela sadaja sak anak - poetoe.

Jèn makaten koela para goeroe missie kedah toemandang kados-poendi, oetawi nganggep kados-poendi dateng koewadjiban koela sadaja?

1e. Kedah toemandang sengkoet, temen, toememen lan ngemen-emenaken.

2e. Toemoet mikir lan ngenam-enam nalar moerih tebaning missie saja wijar.

3e. ngGladi kaprigelan soepados samangsamangsa wonten preloe, kita saged soemoelih anggentosi pakarjaning missie.

Ingkang kaseboet ing bab 3. poenika kanggénipoen wekdal sapoenika langkoeng déning perloe.

Pramila para sadèrèk goeroe - goeróe missie toewin sadaja kadang Katholiek Indonésijah djaler èstri eném sepoeh saja ingkang ginandjar redjeki agoeng déning Goesti Jésoes, sadaja kémawon boten mawi milih lan mestani. Mangga sami énggal-énggal adjar proef, njinaoe ngemoedèni missie asarana toemoet ngemoedèni oetawi ndamel énggal sekolahan-sekolahan, dokteran-dokteran, roemah miskin, ndamel grédja-grédja, goeroe agami enz. poendi ingkang saged dipoentandangi roemijin.

Poenapa ngendika dèrèng kijat?? Saking sekedik waton adjeg tambah lan gesang, mangké rak kijat, koela atoeri ngèngeti, sepinten kekijatanipoen tikilan kenari, kloewak, kemiri, sepinten agenging tikilanipoen, lan kados poenapa atosing tjangkokipoen; déné kok inggih dangoe-dangoe saged ndjebol toewoeh ngremboejoeng.

Koela mireng para sadèrèk ing Madijoen sampoen miwiti mbikak sekolahan, la rak ngaten! poendi malih? Ing papanipoen ingkang ngotjèh poenika (Medari) inggih sampoen makkredjoet badé toewoeh antjas makaten waoe, sokoer, mangga sanès panggénan!

Nanging wawasan koela antjas makaten waoe prajogi dipoendamel manoenggil, dados sak bebadan, boten pating prentjil dlemok tjoeng, ladjeng njoeda kekijatan, temah woeroeng. Kados oepaminipoen ing Medari toewoeh antjas ingkang saé waoe. Toewoehipoen adreng, nanging doemoegining ngendon metjotot, sabab saking kirang kekijatan. Jèn ngantos antjas waoe woeroeng poenapa boten éman sanget. Mangké gèk sanès panggènan wonten malih antjas kados Medari, nanging inggih namoeng plembang-plemboeng kémawon, la rak memelas.

Toemrap Medari, koela wawas, rèhné koela tjelak, jèn actienipoen waoe èstoe badé dipoentandangi pijambak boten angsal pambijanton saking sanès panggénan, kados oepami saking kita, Ngidjon, Kalasan, Moentilan enz. sadjakipoen namoeng badé kados laré alit adjar noempak pit ingkang soekoenipoen tjoepet, temah pidjer dawah glangsaran. Hla poenapa namoeng badé sami dipoenpirsani oetawti dipoen-gegoedjeng? temtoe pandjenengan sadaja boten téga. Groep Medari sanadjan oepamia boten kijat ngangkat actienipoen, éwasemanten glagadipoen kok boten badé moendoer sak-ramboet, teksih teroes badé ngoedi, adedasar loewes, njarah rowang, liripoen: mbijantoe inggih poeroen, dipoenbantoe inggih boten wegah toemandang. Èstoe, djandji dipoenbijantoe para kadang R. K. ing poendi - poendi. Medari saged mbikakaken sekolahan-sekolahan oetawi jasan sanèsipoen.

Mangga, poendi lan sinten? Mendoet bijantoe, poenapa ambijantoe Medari. Sampoen ngantos ora kabèh, oetawi emoh kabèh lo! Jèn pandjenengan moendoet bijantoe, koela atoeri ndamel comité bab poenika wonten ing papan pandjenengan ngrikoe, mangké comité Medari badé mbijantoe sarana kintoen, réka oetawi arta. Déné jèn pandjenengan badé ambijantoe karsaa dados consul comité Medari wonten ing papan pandjenengan, ladjeng kintoen réka oetawi arta dateng Medari.

Mangga rembag poenika dipoenramèkaken wonten Swaratama ngriki lan oegi kénging lelawanan pijambak dateng comité Medari p/a sadèrèk Martodeksono Mantri goeroe Medari.

Tambahan, kanggé tetandingan:

1. Sadèrèk golongan Protéstan sampoen miwiti, nglijer sekolahan Zending, Standaardschool Klitrèn (Jogja). Roemijin kaoeroes déning Zending, sapoenika déning bebadan saking sadèrèk Protéstan Djawi.
2. Wonten kabar ing Patalan kidoel kita Djokja, ing ngrikoe djiwa Protéstan namoeng ± 130 sampoen saged ndamel grédja pijambak begrooting f 3030, kabikak nalika 22 October 1929, voorbereidingipoen namoeng 5 th.
3. Prambanan, djiwa Protéstan 90, voorbereiding 3 th., saged damel grédja regi f 3060.
4. Ngajodja, sampoen saged njanggi $^2/_3$ning ragadipoen Dominé Djawi, ingkang blandjanipoen f 95.

Golongan M. D. saja sampoen kijat malih.

Mangga - mangga para kadang Katholiek, sampoen kasèp.

Draadloze telegraffie Medari.

---

*) Ngèngeti roepaking papan, lan mékani sampoen ngantos andjalari seling-serep, karangan poenika kepeksa wonten pérangan ingkang koela itjali oetawi koela ringkes. Moegi sadèrèk „Draadloze telegraffie Medari” sampoen gerah ing penggalih. *Red.*

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA — Telf. 252
BANDOENG — Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W.

Nitjil kénging! – Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

KALAU BELI OBAT-OBAT

mémang tiada maoe pakai pertjoema, melainkan boeat djaga kesèhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar
Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloearan roemah^2 obat
„RATHKAMP"
soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap
„RATHKAMP"
tanggoeng beli jang paling baik.
Djaga tjap „RATHKAMP"
dan „ERCEE"

DJOKJA — MALIOBORO — DJOKJA

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

†

NGATOERI WOENINGA:

BILIH TANGGAL 27 NOVEMBER 1929, DJAM 4.10 ÉNDJING, ANAK KOELA ÈSTRI INGKANG NOMER GANGSAL,

Rr. CELINE POETRIAH

OEMOER 10 WOELAN KAPOENDOET WANGSOEL DATENG DJAMAN KALANGGENGAN.

Koela tijang sepoehipoen
F. SOEDJADI
C. MOES.
Randoeblatoeng.

TOKO DJOEN & Co.
PATJINAN TELEF. NO. 374 DJOCJA.

BOEWAT MERAJAHKEN
HARI RAJA ST. NICOLAAS.

Kita baroe trima:
CHOCOLADE-LETTERS,
CHOCOLADE-FIGUREN,
CHOCOLADE-LUXE DOOZEN BONBONS,
dan lain-lain.

Djoega selama bisa belie:
KOEWEEH^2 SPECULAAS
djoega bisa die trima pesen seharie die moeka
FRAAIE BOTER LETTERS

Boewat pesenan koeweeh speculaas lebih darie 10 pond, die reken banjak lebih moerah.

MEMOEDJIKEN DENGEN HORMAT:
TOKO DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG.

H. SPIEGEL — DJOKJA.

BOEAT KEPERLOEAN ST. NICOLAAS:
kami ada sedia:
roepa-roepa dolanan bagi anak-anak
moelaï harga 15 cent sampai f 40.
OENTOEK KEPERLOEAN KERSTMIS,
kami ada sedia:
matjem-matjem barang boeat geschenk;
Kerstboomen dan perhiasan Kerstboom
Sekolahan-sekolahan dan perhimpoenan-perhimpoenan,
bisa terima potongan harga.

O. L. Mij Roekti Woeri

Sinten ingkang badé ndjagi salira lan garwa poetra, loemebet dados warga

ROEKTI WOERI

Moendoeta katrangan dateng
Pangrèh L. JAMA
M. P. SOEMANDAR } *DJOKJA.*

Ngatoeri priksa dateng para kadang lan kawanoehan, bilih nalika tanggal kaping 26-11-'29 koela sampoen kaparingan anak ingkang angka satoenggal, lahir èstri. Koela namakaken

Rr. CATHARINA SOETJIATI.

D.K. 13-12-'29.

Chr. SOERATIN
St. SOEPOMO } MARDISOEWIGNJO.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan 8)	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kepandjèn	6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal 2)	7.30 - 9.30.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
" Jav.	6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6 - 8.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon	7 - 8 - 9.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:	
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
Gombong 3)	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.	Wonosobo 8)	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7 - 9.	Soekaboemi	6 - 7.30.		
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean 1)	7.30.				

1) 1e. Achad.
2) 1e. + 3e. Achad.
3) 2e. Achad.
4) 1e. Achad tiap^2 doea boelan.
5) 1e., 2e., 4e. Achad.
6) 2e., 4e. Achad.
7) 3e. Achad.
8) 4e. Achad.

MANTJA NAGARI.

TIONGKOK-ROESLAN. Pasoelajanipoen Tiongkok kalijan Sovjet bab Oostersche Spoorweg kala 3 Dec. sampoen saged rampoeng. Roekoenanipoen sami katanda tangani wonten Nikolsussuriisk déning wakil Roeslan Simanovsky kalijan wakil Tiongkok Thsai Yun Shen. Tiongkok lestantoen angentjengi, soepados sanadyan pranatan ing dalem Oostersche Spoorweg kawangsoelaken kados waoe-waoenipoen ,nanging sampoen ngantos pisan^2 Roeslan ladjeng nandjakaken Oostersche Spoorweg kanggé propagandah kominis.

Sanadyan pasoelajan kaseboet nginggil sampoen saged dipoensisihaken poenapa Tiongkok sampoen tentrem? Dèrèng padja-padja, djer doemoegi sapriki pasoelajanipoen sadèrèk sami sadèrèk dèrèng kèndel. Manoet tilgram Aneta saking Hankow 5 December, wadyabalanipoen nagari kalijan para brontak, mentas sami tjampoeh. Wadyabalanipoen kraman sadèrèngipoen poenika ngrabasa sakidoelipoen kita Honan toewin sakidoel-kilèn Hoepèh. Semanten oegi wonten satjaketipoen Itsjang inggih sami tjampoeh sakalangkoeng ramé.

Tilgram saking Shanghai 5 December, njarijosaken golongan kraman dipoenpangandjoeri Shi Yoe San. Tjatjahipoen ingkang toemoet ngraman langkoeng saking 30.000.

* * *

AMERIKA Maboer dateng Pool Kidoel. Kala 29 November, Byard maboer dateng Pool Kidoel, kalijan Bernt Balchen (toekang nglampahaken kapal oedara), Harold Jun (marconist) toewin kaptin Ashley McKinly djoeroe motrèt. Anggènipoen maboer saking Klein Amerika. Salebetipoen maboer (24 djam) tansah gandèng sarana radio kalijan serat-serat kabar ing New York. Tg. 30 November, Byard sampoen wangsoel dateng Amerika Alit kanti wiloedjeng, sarta pikantoek pambagja pinten^2 kalebet oegi pambagjanipoen President Hoover. President Hoover ngalembana kekendelanipoen Byrd, lan mongkok déné kasenenganipoen bangsa Amérikah lalana andjadjah-djadjah taksih lestantoen.

Nalika maboer dateng Pool Kidoel waoe, Byrd saged manggih poelo-poelo énggal wonten satjaketipoen Pool ngrikoe.

* * *

Kekiranganing waragad Pos. Manoet palapoeran, wonten akiring taoen-paos i.p. 30 Djoeni, kekiranganipoen waragad pos wonten 85.461.000 dollar; mangka kala taoen kapengker namoeng 32.121.000 dollar. Kekiranganing waragad waoe kabekta saking indaking bajaripoen poenggawa pos Iss.

* * *

Lisah patra. Para dirèktoering pabrik lisah patra sami anggadahi sedya manoenggilaken onderneming-onderneming lisah patra. Manawi saged laladan-laladan lisah patra soepados dipoenpelik maatschappij^2 lisah patra ing Amérikah.

Amerikaansche Petroleum Instutuut badé dipoenpilah-pilah dados tigang golongan: i.p. golongan ingkang melik, golongan ngresiki, lan golongan njadé.

* * *

Pamanggihipoen Edison. Edison anggadahi pamanggih saged damel karèt damelan. Ingkang kadamel roempoet ing Amérikah ingkang ing basa Walandi kawastanan „gouden hengel." Karèt waoe tjalon pikantoek 16 Amerikaansche dollarcenten ing dalem saepoen.

* * *

Ontran-ontran ing HAITI. Kala 7 December poenika, kita Aux-cayes dipoenrangsang bangsa Haiti katahipoen 15.000 mawi dedamel gembel Iss. Mantroes^2 bangsa Amérikah sami toemandang, adamel pedjahipoen tijang 5, lan natoni tijang 20.

Amérikah ngintoeni wadya-bala laoetan katahipoen 500, kanggé njoedijani samangsa wonten preloe. Departement Marine ngintoenaken motor maboer kalih saking Quantico dateng Port au-Prince. Tetijang èstri toewin laré-laré bangsa Amérikah ing Auycayes (sakilèn Jacmel) sami késah saking ngrikoe.

Datenging wadyabala Amérikah adamel mendaning kawontenan.

* * *

Pamedal wadja. Pabrik wadja Bethlehem Staal Corporatie badé ngelar tebanipoen doemoegi Amérikah ingkang sisih Kilèn: Californië Kidoel, pasisir Pacific, Iss. Setaoenipoen pabrik waoe tjalon anggsal wadja reged 380.000 ton.

* * *

Hoover medar sabda. Salebetipoen minggoe kapengker, presidèn Hoover medar sabda wonten Congres (kabinèt ing Amérikah) ngantos 12.000 temboeng. Wonten ngrikoe njarijosaken kamadjenganipoen Amérikah bab warni-warni: Hoover njarijosaken bilih samboetaning nagari sanès dateng Amérikah sapoenika wonten 11.578 mlijoen dollar.

Samboetan samanten poenika, manoet rantjangan salebetipoen taoen '30 Amérikah tjalon saged pikantoek tjitjilan 239 mlijoen dollar. Pakarjan montor maboer, ing saben dintenipoen mlampah tebihipoen ratjak 9000 mil. Sataoen-taoenipoen Amérikah saged ngedalaken masin maboer 7500.

Kadjawi poenika Hoover taksih anjarijosaken bilih nagari-nagari ingkang sami nanda tangani bedamèn Kellogg doemoegi dinten poenika sampoen wonten 54; Iss. . . .

* * *

BARITANIJAH. Montor wedalan Amérikah. Inggris tjalon andatengaken montor wedalan Amérikah ngantos joetan, lan wonten ngrikoe badé kasadé kalijan mirah sanget, langkoeng mirah tinimbang reregèn sapoenika.

* * *

Dankbaarheidsfonds kanggé mèngeti danganipoen sang Praboe. Margi sang Praboe ing nagari Inggris dangan saking anggènipoen gerah santer, ing ngrika wonten fonds kanamakaken „Thanksoffering Fund." Fonds waoe saged ngalempakaken arta 689597 pondsterling (langkoeng saking woloe saprasakawan mlijoen roepijah). Arta poenika badé dipoendoemaken dateng grija sakit pinten-pinten, saha kanggé toembas radium.

* * *

Matesi wedaling tèh. Manoet *Financial Times* Inggris anggadahi oesoel matesi wedaling tèh; oesoel waoe sampoen dipoensaroedjoeki para soedagar tèh ing Hindija-Inggris toewin Ceylon.

Financial Times metik oengelipoen *De Telegraaf* ingkang njarijosaken bilih soedagar tèh golongan Walandi sami anggadahi pamanggih langkoeng prajogi njadénipoen tèh kémawon namoeng kapilihan ingkang pantjèn saé saèstoe. Nanging Times mastani ichtijar makaten poenika sasat sami kémawon kalijan rantjangan Inggris ngirangi wedaling tèh. Mila manawi soedagar tèh Walandi sami ngroedjoeki sedyanipoen Inggris, poenika nama boten sapintena kaotipoen; langkoeng-langkoeng déné tèh wedalan Indonésijah poenika sami-sami tèh reginipoen kalebet asor pijambak.

* * *

NEDERLAND. Kabesmèn ageng-agengan. Tilgram Aneta saking Den Haag kala Senèn kapengker poenika martosaken bilih ing Middelburg wonten kabesmèn ageng-agengan. Kapitoenènipoen kataksir wonten sajoeta roepijah langkoeng.

* * *

ROESLAN. Actie mengsah Agama. Kanggé ngladjengaken anggènipoen mengsah Agama Kristen, Moskousche Syndicaat ngedegaken sakolahan sanga wonten Moskou. Sakolahan waoe kanggé pasinaon nglawan Pasamoewan Soetji. Laré wedalan ngrikoe tjalon dados „zendeling"-ipoen Propagandah sengit kalijan Kristen, kasebar dateng satanah Roeslan preloe ngobrak-abrik kalangan Agama Kristen.

Grédja saé ing Dimitrovkistraat kamanah badé katoetoep kanggé museum mengsah Agama.

* * *

Begrootingipoen Roeslan. Kanggé preloening wadyabala Roeslan namoeng mendet 9$^0/_0$ning begrooting sadaja kepara kirang. Mangka sawenèhing nagari sanès wonten ingkang doemoegi 40$^0/_0$.

Begrooting Roeslan sadaja wonten 11.400 mlijoen roebel, kala taoen kapengker namoeng 8000 mlijoen roebel. Begrooting samanten waoe ingkang 7000 mlijoen roebel tjalon katandjakaken dateng prakawis economie, ingkang 2400 mlijoen roebel kanggé prakawis sociaal. Kadjawi poenika manoet rantjangan, Roeslan tjalon saged pikantoek pamedal katah saking paos padagangan. Pamedal poenika ingkang sapèrangan ageng badé kanggé damel margi sepoer énggal tjatjahipoen 51 pandjangipoen goenggoeng 6250 mil